



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL FÈ KONTE CHEMUNG KONPLIMAN POUTÈT LI JWENN AKREDITASYON ETA A POU JESYON IJANS

Biwo Jesyon Ensandi ak Ijans (Office of Fire and Emergency Management) Konte Chemung nan fè pati trèz òganizasyon jesyon ijans ki jwenn akreditasyon

Pwogram Akreditasyon Jesyon Ijans Lokal (Local Emergency Management Accreditation Program) Eta New York la se premye konsa nan peyi an

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Biwo Jesyon Ensandi ak Ijans Konte Chemung nan resevwa akreditasyon nan kad Pwogram Akreditasyon pou Jesyon Ijans Lokal New York la. Konte Chemung vin jwenn 13 lòt òganizasyon jesyon ijans nan resevwa akreditasyon an. Konte a vin jwenn konte Albany, Broome, Erie, Livingston, Madison, Montgomery, Nassau, Oneida, Saratoga, Washington, ak Wayne, epitou Vil New York, nan rekonesans ofisyèl sa a.

"Li klè jan jesyon ijans lokal esansyèl pou rezistans eta nou an pandan n ap kontinye viv egzanp apre egzanp kondisyon meteyo ekstrèm, epi akreditasyon Konte Chemung nan se yon pa nesèsè tout Konte nou yo ta dwe fè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fè Konte Chemung konpliman e m ankouraje plis konte nan Eta New York pou yo patisipe nan pwosesis akreditasyon an pou evalye ak amelyore konpetans jeneral yo nan preparasyon pou ijans, epi konsa garanti moun New York yo pare pou yon varyete ijans."

Pwogram Akreditasyon pou Jesyon Ijans Lokal New York la se premye akreditasyon peyi an nan nivo eta pou ajans jesyon ijans lokal yo. Elabore nan tèt ansanm avèk Asosyasyon Jesyon Ijans (Emergency Management Association) Eta New York la, pwogram akreditasyon an mete aksan sou ajans jesyon ijans lokal yo nan Eta New York epi ankouraje yo.

Pou vin akredite, yon lokalite dwe respekte yon seri nòm ak pi bon pratik ki favorize yon apwòch kowòdone ak entegre pou jesyon ijans. Konte yo dwe fè pati enterese "tout kominote a" patisipe tou, sa gen ladan kolaboratè nan gouvènman ak kolaboratè prive, epi konsidere moun ki gen dwa bezwen atansyon patikilye pandan yon ijans oswa katastwòf tankou sanzazil, moun aje, oswa moun ki andikape.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans la (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) ap administre pwogram nan onon Konsèy Akreditasyon Jesyon Ijans Lokal la (Local Emergency Management Accreditation Council), ki sèvi kòm kò administratif pwogram nan. Akreditasyon an valab pou senk ane, avèk chans jwenn re-akreditasyon apre peryòd senk ane a.

Komisè Egzekitif Adjwen Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans la Terence J. O'Leary te deklare, "Mwen fè ekip Biwo Jesyon Ensandi ak Ijans Konte Chemung nan konpliman dèske li jwenn akreditasyon, sa ki plase li nan yon gwoup de chwa ekip nan eta a ki demontre kapasite yo pou okipe nenpòt ki kalite ijans epi pou pwoteje moun New York parèy nou yo. Jwenn akreditasyon sa a se pa yon travay fasil. Nan fè sa, li montre Konte Chemung aplike nòm ak pi bon pratik ki mete pèsònèl li an nan yon pi bon pozisyon pou fè fas a sitiyasyon ijans difisil ki genyen yo jodi a."

[Biwo Jesyon Ensandi ak Ijans Konte Chemung nan](#) sèvi kòm lyezon pou konte a pandan nenpòt ijans oswa katastwòf. Pèsònèl la jwe wòl fasilite fòmasyon pou premye entèvnan yo ak sekouris yo, epi li bay enfòmasyon sou entèvnasyon dijans pandan ijans pou minisipalite yo ak rezidan yo. Pèsònèl la responsab sik konplè planifikasyon ijans la, sa gen ladan preparasyon, prevansyon, entèvnasyon, moderasyon ak rekonstriksyon apre katastwòf ak donmaj yo kapab koze yo.

Biwo a administre diferan sibvansyon federal ak eta tou pou kore preparasyon ak entèvnasyon pou ijans la. Anplis de sa, pèsònèl la jwe wòl Biwo Kowòdonatè Ensandi a (Fire Coordinator's Office) pou konte a ki gen kòm responsabilite òganize ak fòmè tout depatman ponpye ki andedan fwontyè konte a; administrasyon Sant Kominikasyon Ijans (Emergency Communications Center) 911 an; Biwo Kowòdonasyon (Coordination Office) Komite Planifikasyon Ijans Lokal la (Local Emergency Planning Committee, LEPC); ak Biwo Kowòdonatè Sekirite a (Safety Coordinator's Office) ki responsab Sante ak Sekirite Okipasyonèl tout anplwaye konte ak vizitè nan enstalasyon konte a.

Prezidan Asosyasyon Jesyon Ijans Eta New York ak Direktè Jesyon Ijans Konte Cattaraugus la Chris Baker te deklare, "Se pa ti fyè nou fyè pwogram sa a ak kolaborasyon ki genyen kounye a avèk DHSES. Ansanm n ap travay pou garanti ajans jesyon ijans yo nan konte a pare epi jwenn rekonesans pou akonplisman yo."

Egzekitif Konte Chemung nan Chris Moss te deklare, "Jesyon Ijans te toujou e ap kontinye jwe yon wòl esansyèl nan jan kominote yo okipe yon varyete pwoblèm ijans. Rezidan yo nan Konte Chemung ta dwe fyè anpil bann moun ki te rann sa posib yo, epi Egzekitif Konte Adjwen an avè m fè elòj yo pou efò yo. Lè ou fè pati 13 konte ki rive nan pozisyon sa a se yon temwayaj travay di gason ak fanm ki responsab efò jesyon ijans nou yo fè yo."

Direktè Defans Sivil Konte Chemung nan Vincent Azzarelli te deklare, "Se yon lonè dèske mwen te fè pati ekip ki responsab relve defi sa a. Soutyen Egzekitif Konte a ak DHSES se te yon gwo kontribitè nan reyisit nou. L ap pote pi bon entèvnasyon nan bi prensipal jesyon ijans la ki se pwoteje kominote a ak rezidan li yo."

Biwo jesyon ijans lokal yo ki enterese nan jwenn akreditasyon dwe rasanble ak elabore politik, plan, ak dokiman ki nesese yo pou respekte nom akreditasyon yo. Y ap voye dokimantasyon obligatwa a pou potay entènèt NY Responds la oswa y ap telechaje li sou li epi gen yon egzamen dokiman k ap fèt anvan egzamen sou plas la. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans la ak Asosyasyon Jesyon Ijans Eta New York la pral ofri asistans teknik pandan faz preparasyon an epi, lè yo fin resevwa tout dokimantasyon yo mande a, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans la pral chwazi yon ekip ki gen omwen de (2) evalyatè eksperimente pou fè egzamen an.

Egzamen an pral gen ladan egzamen pi apwofondi tout plan ak dokimantasyon ki nesese yo, ak entèvyou avèk jesyonè ijans yo, pèsonèl la, ak lòt moun, si sa nesese. Se responsabite biwo jesyon ijans la pou li demontre, dokimante, ak ekspriye kijan chak nan nom ak kondisyon ki asosye avèk yo respekte. Biwo jesyon ijans lokal ki swete resevwa sètifikasyon yo dwe ranpli fòmilè demann nan epi depoze li nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans la nan EMaccreditation@dhses.ny.gov.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Akreditasyon Jesyon Ijans Lokal Eta New York la - sa gen ladan enstriksyon, kalifikasyon, ak nom yo pou pwogram nan [isit la](#).

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

The [Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York la](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, epi retabli apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas yo, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [DHSES Facebook page](#), swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), oswa [Instagram](#), oswa ale sou dhses.ny.gov.

###

Lòt nouvèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418